



**KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN MAGETAN  
MADRASAH IBTIDAIYAH NURUL HUDA SETUGU  
ASESMEN MADRASAH ( AM )  
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

| LEMBAR SOAL    |   |                     |
|----------------|---|---------------------|
| Mata Pelajaran | : | Bahasa Jawa         |
| Jenjang        | : | Madrasah Ibtidaiyah |
| Hari/Tanggal   | : | Sabtu/27 April 2024 |
| Waktu          | : | 09.30 – 11.00       |

| PETUNJUK UMUM                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                     |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <ol style="list-style-type: none"><li>1. Berdo'a kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal</li><li>2. Isikan identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Madrasah dengan menggunakan pensil 2B</li><li>3. Isikan jawaban soal ke dalam Lembar Jawaban sesuai petunjuk</li><li>4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan soal</li><li>5. Jumlah soal sebanyak 50 butir yang terdiri dari 35 butir pilihan ganda, 10 butir soal isian singkat, dan 5 butir uraian</li><li>6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya</li><li>7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap</li><li>8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.</li></ol> |

**I. WENEHANA TANDA PING (X) ING WANGSULAN A, B, C UTAWA D SING KOK  
ANGGEP BENER!**

**RADEN AJENG KARTINI**

Raden Ajeng Kartini miyos tanggal 21 April 1879 ing Jepara. Ramane asma Raden Mas Adipati Sosroningrat bupati Jepara. Ibune asma Ngasirah.

Raden Ajeng Kartini kagungan sedulur telu cacahé yaiku Kartini, Rukmini, lan Kardinah. Kartini mung bisa sekolah nganti kelas angka 2 amarga umur 12 tahun kudu dipingit lan ora oleh metu. Kartini rumangsa dikunjara. Sing ditindakake mung maca buku lan surat saka kancane.

Akhire Kartini dilamar dening bupati Rembang yaiku Adipati Joyodiningrat sing umure 50 tahun. Kartini ora bisa nerusake sekolah amarga melu garwane ing Rembang. Ing Rembang, Raden Ajeng Kartini ngedegake sekolah kanggo bocah-bocah wadon supaya pinter maca, nulis, nduwe ketrampilan lan bisa urip mandiri.

Tanggal 17 September 1904 Raden Ajeng Kartini seda amarga nglairake putrane lan disareake ing desa Bulu Kecamatan Bulu Kabupaten Rembang.

1. Raden Ajeng Kartini miyos tahun 1879. Miyos tegese ....
  - A. mati
  - B. lara
  - C. lair
  - D. lunga
2. Garwane Raden Ajeng Kartini paring asma ....
  - A. Sosrodiningrat
  - B. Joyodiningrat
  - C. Cokrodiningrat
  - D. Joyoningrat
3. Sedulure Kartini yaiku ....
  - A. Kardinah lan Rukmini
  - B. Kartini lan Kardinah
  - C. Kartini lan Rukmini
  - D. Rukmini lan Rukminah
4. Ing ngisor iki kang kalebu tembung yogyaswara yaiku ....
  - A. jembar dhadhane, abang kupinge
  - B. dewa-dewi, pemudha-pemudhi
  - C. abang mbranang, ijo royo-royo
  - D. adang sega, godhok wedang
5. Pak guru ngadek arep sholat. Krama aluse sing bener yaiku ...
  - A. Pak guru jumeneng badhe sholat
  - B. Pak guru ngadek badhe sholat
  - C. Pak guru jumeneng ajeng sholat
  - D. Pak guru berdiri ajeng sholat
6. Kebo buleancang merang. Batangane yaiku ....
  - A. kelud
  - B. pring

- C. buntil  
D. nanas
7. Ing ngisor iki kewan kang nduweni gaman kuku lan siung yaiku .....
- A. kalajengking, ula, kumbang, tawon.  
B. kucing, macan, asu, tikus.  
C. kalajengking, kucing, kumbang, tikus.  
D. uler, tawon, kalajengking, klabang.
8. Kala kula kelas kalih, kalung kula kolang kaling. Ukara iki kalebu purwakanthi ....
- A. guru swara  
B. guru lagu  
C. guru sastra  
D. guru gatra
9. Tahun iki simbahku budhal kaji ing baitullah. Kerata basane tembung **kaji** yaiku ...
- A. nekad ngaji  
B. mangkat ngaji  
C. diangkat siji-siji  
D. tekade mung siji
10. Amir ora mlebu sekolah amarga lara. **Wasesane** ukara iki yaiku ....
- A. Amir  
B. ora mlebu  
C. sekolah  
D. amarga sakit
11. Ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap yaiku ....
- A. Simbah ngunjuk kopi ing ruang tamu.  
B. Santi makan kucing karo adhine.  
C. Bapak tuku roko king warung ngarep omah.  
D. Bukuku basa jawa apa kok silih ,Dhik ?
12. Karo sedulur kudu tansah rukun, ora pareng tukar ....
- A. tukaran  
B. padu  
C. baju  
D. gelut
13. Prabu Kresna iku ratwagung ing Dwarawati. **Ratwagung** tegese ....
- A. rata agung  
B. rawa agung  
C. ratu agung  
D. rasa agung
14. Gelem kepenake ora gelem rekasane. Paribasan arep jamure emoh .....
- A. watange

- B. ambune  
C. goleke  
D. mangane
15. Bola-bali dikandhani kok ora di gatekake. Tembung **bola-bali** kalebu tembung ....  
A. dwiwasana  
B. dwipurwa  
C. dwilingga  
D. dwilingga salin swara
16. Ing ngisor iki kang kalebu tembang dolanan yaiku ....  
A. Pocung, Ilir-Ilir, Jamuran, Prau layar  
B. Jamuran, Dandanggula, Prau layar, Ilir-Ilir.  
C. Jamuran, Gundhul-gundhul pacul, lir-ilir, Prau layar  
D. Pocung, Sinom, Jamuran, Prau layar.
17. Tari bocah sing kesed, sabendina pagaweane amung dolanan wae. Tembung **kesed** kosok baline ....  
A. kasar  
B. sregep  
C. ayu  
D. pinter
18. Para ulama sabendinane sumandhing kitab suci. **Sumandhing** tembung linggane yaiku ....  
A. nyandhing  
B. sandhingan  
C. disandhing  
D. sandhing
19. Simbahku seda tahun 1987 kepungkur. **1987** yen ditulis angka jawa dadi .....
- A.
- B.
- C.
- D.
20. Pandhawa iku cacahé ana lima. Minangka panengahe Pandhawa yaiku...  
A. Puntadewa  
B. Werkudara  
C. Janaka  
D. Nakula lan Sadewa
21. Sesorah ora kudu antuk wangsulane. Miturut gunane, sesorah kasebut kalebu jinis .....
- A. sabdatama  
B. tanggap wacana  
C. pambagyaharja

- D. sesorah persuasip
22. Ing ngisor iki kang kalebu tembung rura basa yaiku .....
- A. nguleg sambel
  - B. bagus waras
  - C. dewa-dewi
  - D. nagasari
23. Layang kudu ditulis kanthi bener apa meneh **tanggal kang nuduhake waktu** kang arep kalaksanakake. Tembung kang kacithak kandel nuduhake perangane layang .....
- A. adangiyah
  - B. surasabasa
  - C. peprenahan
  - D. titimangsa
24. Ing ngisor iki basa ngoko alus sing bener yaiku .....
- A. Simbah ngombe kopi ing kamar
  - B. Ibu mundhut klambi ing pasar
  - C. Aku di kongkon bapak tuku silet
  - D. Aku di kongkon simbah tumbas roti
25. Turunane ayam biasa karo ayam alas diarani bekisar, yen turunane ayam biasa karo ayam kate diarani .....
- A. brati
  - B. wareng
  - C. bebikuk
  - D. bekisar
26. Ramane Kurawa iku arane Prabu Drestarastra, dene ramane Pandhawa yaiku ....
- A. Prabu Kresna
  - B. Duryudana
  - C. Pandhudewanata
  - D. Resi Durna
27. Kembang kembang cempaka, dudu kembang arum dalu, mumpung sira isih mudha, kudu sregep .....
- A. ngombe madu
  - B. ngudi ilmu
  - C. ngumpulne sangu
  - D. nyapu
28. Bapak sikile gerah amargi dhawah. Tembung **sikile** sing bener ....
- A. sukunipun
  - B. astanipun
  - C. padharanipun
  - D. mustakanipun
29. Pengantine putri ayune kaya Dewi Ratih, alise nanggal sepisan, irunge .....

- A. mucuk eri
- B. ngudup mlati
- C. tumengeng tawang
- D. miji timun

30. “**luhuring budi**” yen ditulis aksara jawa dadi ....

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 

31. Ora mudhun-mudhun yen ora gawa mrica sekanthong. Batangane cangkriman iki yaiku ....

- A. kacang
- B. mrica
- C. kates
- D. pari

32. Kang kalebu tembang Macapat yaiku .....

- A. Pocung, Dhandhanggula, Durma, Kinanthi
- B. Kinanthi, Pocung, Jamuran, Megatruh
- C. Sinom, Asmaradana, Juru demung, Pocung
- D. Maskumambang, Jamuran, Pocung, Sinom

33. Ing ngisor iki ukara tanduk sing bener yaiku ....

- A. Klambine adik wes kok kumbahne ?
- B. Kembangan wes disiram ibu.
- C. Bapak makani sapi ing kandhang.
- D. Pakdhe sare ing kamar.

34. Pak Haris dadi bau tengene Pak Lurah. Tembung **bau tengene** tegese ....

- A. pundhak tengene
- B. wong sing dipercaya
- C. tangan tengene
- D. wong sing dicurigai

35. “ Kerot tanpa untu.” Tegese paribasan iki yaiku ....

- A. Wong tuwa njaluk warah marang wong enom
- B. Urun rembug nanging ora cocok karo perkarane
- C. Perkara cilik dadi gedhe
- D. Duwe kekarepan nanging ora duwe ragat

## II. Isinen ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep !

36. Para warga padha kerja bakti resik-resik lingkungan katon guyub ....

37. Ibune Raden Werkudara paring asma ....

AM\_BAHASA JAWA\_2023/2024

38. Pitik blorok manak siji, jare kapok malah ....
39. Ing ngisor kedhung ing dhuwur payung, batangane ....
40. Pidhato basa jawa uga diarani .....
41. Manuk emprit menclok godhong tebu, dadi murid kudu sing sregep ....



42. .... diwaca ....
43. Riko pancen bocah sing dawa tangane, mulane ora duwe kanca. **Dawa tangane** tegese ....
44. Pak Hardja anggone tindak menyang kutha tansah pinaringan **sluman slumun** ....
45. Sesorah namung nganggo cathetan cilik kang isine balungane karangan diarani ....

### III. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep !

46. Aranana 5 wae tembang Macapat !
47. Owahana ukara ing ngisor iki dadi basa krama alus !  
“Ayo mampir, kowe wes ditunggu bapak”



48. Aksara jawa iku owahana dadi aksara latin!
49. Apa tegese paribasan “**sedhakep ngawe-awe**”!
50. Tulisen nganggo aksara jawa ! “**cakrawala katon wayah esuk.**”